



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

## Opsyon: Antretyen ak Amelyorasyon Etablisman yo

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Ti renovasyon, ki gen ladan espas aprantisaj deyò ak ti amelyorasyon pou reponn ak enkyetid sou COVID-19 la
  - ✓ Konstwi oswa amelyore espas jwèt yo
  - ✓ Repare douch yo
  - ✓ Enstale ranp, balistrad, elatriye, pou aksè
  - ✓ Retire mi ki pa sipòte chaj pou kreye plis espas pou distans sosyal
  - ✓ Ranplase tapi a ak linoleyòm oswa yon lòt sifas ki fasil pou netwaye
- ✓ Enstale wobinè oswa bouton limyè ou pa bezwen manyen
- Tanpri sonje lajan sibvansyon nan opsyon sa a **PA KA** sèvi pou konstriksyon oswa gwo renovasyon/ refè modèl kay la (chanjman estriktirèl nan fondasyon ak mi ki ka kenbe chaj, chanjman enpòtan nan yon etablisman, elatriye)

## Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

## Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidyò sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): [ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/](https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/)
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: [ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php](https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php)
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: [whedco.org](https://whedco.org)
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la